# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–08 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ, बलरामपुर जिला में कथित धर्मांतरण अउर उत्पीड़न के मामिला में कड़ेर कार्रवाई के प्रति सरकार क प्रतिबद्धता दोहरवले हवें। एगो रिपोर्ट

***मुख्यमंत्री ने कहा है कि प्रदेश सरकार कानून व्यवस्था को लेकर किसी प्रकार की ढिलाई नहीं करेगी। एक सोशल मीडिया पोस्ट में उन्होंने कहा कि राज्य में शांति, सौहार्द और महिलाओं की सुरक्षा को भंग करने वालों के लिए कोई स्थान नहीं है। उन्हें कानून के अनुसार ऐसी सजा दी जाएगी, जो समाज के लिए एक उदाहरण बने। मुख्यमंत्री ने महिला सुरक्षा के प्रति सरकार की वचनवद्धता पर जोर देते हुए कहा है कि सरकार बहन बेटियों की गरिमा और सुरक्षा के प्रति पूर्णतः प्रतिबद्ध है। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक।***

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अपने सरकारी आवास पर एगो उच्चस्तरीय बइठकी में महिला आर्थिक ससक्तिकरण सूचकांक क अवलोकन कइलें। उहां के येह सूचकांक के नारी गरिमा अउर आत्मनिरभरता के दिसा में उत्तर प्रदेस क एगो इंतिहासिक कदम बतवलीं। मुख्यमंत्री सज्जो विभागन से अपेक्षा कइलें कि ऊ येह सूचकांक के कार क आधार बनावें अउर तय लक्ष्य के समयबद्ध ढंग से पा सकें।

प्रदेस क सूचकांक योजना विभाग की ओरि से तइयार कइल गइल महिला आर्थिक ससक्तिकरण सूचकांक क उद्देस्य राज्य के योजनन अउर कार्यक्रमन से महिला लोगिन के मिले वाला लाभ क सटीक मूल्यांकन कइल अउर एहमें सुधार बदे सही दिसा तय कइल हौ।

**********

सड़क परिवहन अउर राजमार्ग मंत्री नितिन गडकरी, गौतम बुद्ध नगर जिला के जेवर के लग्गे फरीदाबाद–नोएडा इंटरनेसनल एयरपोर्ट कॉरिडोर पर पौधरोपण अभियान में हिस्सा लिहलें। येह मौका पर आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि एक पेड़ मां के नाम अभियान धरती माता के प्रति एगो कर्तव्यपरायण पहल हौ अउर ई नागरिकन क संस्कृति अउर नैतिक जिम्मेदारियो हौ।

एक पेड़ मां के नाम क दुसरका फेरा के तहत आयोजित पौधरोपण कार्यक्रम के दौरान केन्द्रीय मंत्री श्री गड़करी प्रदूषण क रोकथाम में परिवहन विभाग क भूमिका क जिकिरि कइलें। उहां के कहलीं कि परिवहन विभाग, पारिस्थितिकी अउर पर्यावरण के प्रति बेसी जिम्मेदारी उठावे ला, काहें से कि देस में चालीस फीसदी प्रदूसण सोझे तौर पर परिवहन क्षेत्र के नाते हौ। आयोजन में सड़कि परिवहन अउर राजमार्ग राज्य मंत्री अजय टाम्टा अउर राजमार्ग अउर कॉर्पोरेट कार्य राज्य मंत्री हर्ष मल्होत्रो सामिल भइलें।

**********

केंद्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान मेरठ के सरदार वल्लभ भाई पटेल कृषि विश्वविद्यालय में नया बनल कृषि तकनीकी नवाचार केन्द्र क आजु उद्घाटन कइलें। ई केन्द्र विश्वविद्यालय अउर पंजाब के रोपड़ के भारतीय प्रोद्योगिकी संस्थान मिलि के बिकसित कइले हौ।

येह मौका पर केन्द्रीय सिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान कहलें कि देस के किसानन क आय लगतारे बढ़ि रहलि हौ। उहां के कृषि में आर्टिफिसियल इंटेलिजेंस–एआई के महातम क उल्लेख कइलीं अउर कहलीं कि आवे वाला समय में तकनीक हम्मे बताई कि खेतन क क्षमता का हवे अउर ओकर उत्पादन क्षमता का हउवे। एकरे मददि से किसानन क आमदनी बढ़ावल जा सकी।

कार्यक्रम में केंद्रीय कौशल विकास आ उद्यमिता राज्य मंत्री जयंत चौधरी अउर प्रदेस क कृषि मंत्री सूर्य प्रताप शाहियो हिस्सा लिहलें।

**********

प्रदेस में सावन महिन्ना में कांवड यात्रा के सुचारू रूप से संचालन के ले के पुरहर तइयारी आरिखी फेरा में हौ। येही क्रम में सरकार क ऊर्जा अउर नगर विकास मंत्री ए.के. शर्मा आजु ऊर्जा अउर नगर विकास विभाग क अधिकारियन के साथे लखनऊ में बइठकी कइलें। बइठकी के बाद पत्रकार लोगिन से बातचीत में श्री शर्मा कहलें कि चूंकि कांवड़ यात्रा रतिये में चले ला, येही नाते जतरा वाले राहि पर रोसनी क समुचित इंतिजाम कइल जा रहल हौ। सथहीं स्थानीय निकायन के इलाका में सड़किनि पर परे वाला मेनहोल के खुलल न छोड़ले क निरदेस दीहल गइल हौ। साफ–सफाई क समुचित इंतिजामो बदे सम्बन्धित अधिकारियन के निरदेस दीहल गइल हौ।

**********

श्री अमरनाथ जी जतरा आजु छठवों दिन्ने सुचारू रूप से जारी हवे। ई जतरा दक्षिण कश्मीर के अनतनाग जिला में नुनवाना पहलगाम बेस कैंप अउर मध्य कश्मीर के गांदरबल जिला में बालतल बेस कैंप के दोहरा राहि पर चलि रहलि हौ। एगो रिपोर्ट–

***धार्मिक उत्साह के साथ पिछले पांच दिनों के दौरान तिरानवे हजार तीन सौ से अधिक यात्रियों ने पवित्र गुफा में शिवलिंगम के दर्शन किए। प्रति दिन कई हजार यात्री श्रीनगर–जम्मू राष्ट्रीय राजमार्ग पर सुरक्षा व्यवस्था के तहत जम्मू आधारित शिविर से निकलते हैं, जो कश्मीर क्षेत्र में अपने संबंधित आधार शिविरों तक सुरक्षित पहुंच जाते हैं। देशभर से यात्री कश्मीर क्षेत्र में सभी प्रकार की व्यवस्थाओं, सुविधाओं और सुरक्षित वातावरण से प्रसन्न और संतुष्ट हैं। तारीक राथर, आकाशवाणी समाचार, श्रीनगर।***

**********